

Coral Springs High Vivian Suarez, Principal

Chè Paran/Gadyen,

Bi lèt sa a se pou enfòmasyon w elèv ou a pral pran sou òdinatè Evalyasyon “End-of-Course (EOC)” (Fen Kou) (**ELA l’écriture/ELA En train de lire/Aljèb 1/Jewometri**) “Florida Standards Assessments (FSA)” (Evalyasyon Estanda Florid), nan dat 1 Avril e 28 Mai. Yo administre evalyasyon EOC FSA yo nan de (2) sesyon 90-minit sou de (2) jou, e elèv yo ka gen jiska mwatye tan nan yon jou lekòl regilye pou fini chak sesyon. Yo bay **Biology EOC** ak **US History EOC** Nan 160 mns sesyon pandam menm period la.

Elèv ou a pral gen yon opòtinite pou l patisipe nan yon egzamen pratik pou vin abitye avèk platfòm egzamen sou òdinatè a, kalite kesyon, ak fòm repons li pral wè nan evalyasyon FSA yo. Si ou menm oubyen elèv ou a ta renmen revize egzamen pratik sou òdinatè a lakay, egzamen pratik ak fòm repons yo disponib nan <http://www.FSAssessments.org/students-and-families/practice-tests/>.

Silvoulè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn “smart”, ak mont “smart”, nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt), **menmlè yo fèmen oubyen elèv pa itilize yo**. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a.
- **Kalkilatrè**—Pou evalyasyon EOC yo, **elèv ka sèvi avèk kalkilatrè pandan Sesyon 2 a sèlman**. Si elèv sèvi avèk kalkilatrè yo gen nan men yo pandan Sesyon 1 an, y ap anile egzamen yo a. Pou plis enfòmasyon sou règ konsènan kalkilatrè, wè dokiman [FSA Calculator and Reference Sheet Policies](#) ki sou Pòtal FSA a.
- **Akseptasyon Règleman Egzamen yo**—Tout egzamen FSA yo gen ladan yo yon Akseptasyon Règleman Egzamen ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen fè pou egzamen an.” Anvan egzamen an, administratè egzamen yo ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo ap deklare yo konprann règleman egzamen yo nan siyen anba deklarasyon ki nan dosye travay yo.
- **Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman egzamen yo li pou elèv anvan yo siyen Akseptasyon Règleman Egzamen anba yo di: “Akoz kontni tout egzamen atravè eta a sekirize, ou pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan tèks oubyen kesyon yo aprè egzamen an. Sa gen ladan kèlkeswa kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, lèt elektwonik, oubyen poste sou Entènèt, pa egzanp, sou ‘Facebook,’ ‘Twitter,’ ‘Snapchat,’ oubyen ‘Instagram.’ Silvoulè asire w elèv ou a konprann “diskite” kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, lèt elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou ‘blog’ oubyen sit Entènèt medya sosyal yo, eks. **Pandan elèv pa dwe pataje enfòmasyon konsènan kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen avèk paran/fanmi yo**.
- **Travay yon Fason ki Endepandan**—Elèv responsab pou travay poukont yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen, yo ap anile egzamen yo a. Anplis, “Florida Department of Education (FDOE)” (Depatman Edikasyon Florid) anplwaye “Caveon Test Security” (Sekirite Egzamen Caveon) pou analize rezilta egzamen elèv yo pou detekte modèl repons ki parèt etranj tèlman yo sanble. Yo ap anile egzamen elèv nan yon lekòl yo jwenn avèk modèl repons ki ekstrèmman sanble.
- **Kite Kanpous la**—Si elèv ou a kòmanse yon sesyon egzamen e li kite kanpous la anvan li fini li (pou repa midi, yon randevou, oubyen maladi, eks.), yo **pap** pèmèt li retounen nan sesyon egzamen an. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj.
- **Akomodasyon pou Egzamen**— Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan” (IEP) (Plan Edikasyon Endividyèl) oubyen yon plan Seksyon 504, oubyen li se yon “English Language Learner (ELL)” (Moun ki Ap Aprann Anglè), silvoulè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte Derrick Burgess nan 754-322-0549. Pou plis enfòmasyon sou pwogram evalyasyon FSA a, silvoulè vizite Pòtal FSA a nan www.FSAssessments.org.

Mèsi dèske w sipòte e ankouraje elèv ou a pou l fè maksimòm efò nan administrasyon egzamen sa a.

Sensèman,

Vivian Suarez, Principal